

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus

Rakatorwa na: M. Kerr; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.





Mwari akambotumira mwana here kumhuri yenyu? Zvinofadza sei! Isaka naRabheka vakafara zvikuru. Mwari akanga achavapa mapatya.



Vana vakasundana
mukati maRabheka.
Paakanamata,
Mwari akataura
kuti vanakomana
vake vaviri
vachatungamira
ndudzi mbiri
dzakasiyana-mukuru
achashumira muduku.
Nguva zhinji, mukuru
aitungamirira muduku.
Mushure menguva
vana vakazvarwa.



Mapatya aya akanga asina kufanana. Esau, mukomana mukuru, akange aine mvere zhinji uye akava muvhimi aigona. Jakobho akanga aine ganda rakanaka uye akada kushanda pamusha. Baba Isaka vakanga vaine rudo kuna Esau. Amai vaida Jakobho.



Rimwe zuva, Esau akanga ava nenzara. Akati kuna Jakobho, "Ndipewo chokudya." Jakobho akati, "Chimbonditengesera udangwe hwako."



Esau akanga asina hanya nechitsidzo
chaMwari kuna vana vokutanga kuzvarwa.

Akavumirana naJakobho. Naizvozvo, Jakobho


akanga achatungamirira
mhuri mushure
mokunge baba
vashayika.



Umwe husiku, Mwari akataura
naIsaka. Akati, "Ndini Mwari
vababa vako Abhurahama. Ndinewe.
Ndicharopafadza dzinza rako."



Isaka ainamata Mwari asi Esau
mwanakomana wake akarooro vakadzi
vaviri verudzi rwamaHeti. Rudzi urwu
rwakanga rwusina hanya naMwari.





Isaka akachembera. Akati kuna Esau, "Ndivigire nyama yakanaka ndizokuropafadza." Ropafadzo iyi yakanga iri pakati pababa nemwanakomana wekutanga. Esau akamhanya kunovhima. Asi Rabheka akanzwa zvavakanga vachitaura. Akanga achida kuti Jakobho aropafadzwe.



Rabheka akange aine zano. Akakurumidza kubika chikafu chaidiwa naIsaka, Jakobho achibva apfeka hembe dzaEau nemvere dzemhuka pamaoko zvese nepahuro. Isaka akange asingaoni zvakanaka. Zvichida vaikwanisa kumunyengera.



Jakobho akaendesera
Isaka chikafu. Isaka
akati, "Inzwi,inzwi
raJakobho asi maoko,
maoko aEsau." Achinge
apedza kudya, Isaka
akaropafadza mwana
akanga akapfugama
pamberi pake.





Jakobho achinge aenda, Esau akauya kuna Isaka akati, "ndauya nechikafu chokudya." Isaka akaziva kuti akanga anyengerwa. Akachema akati, "Handikwanisi kushandura ropafadzo." Moyo waEsau wakazara noruvengo. Akafunga kuuraya Jakobho.




Rabheka akanzwa zvakanga
zvataurwa naEsau. Akati
kuna Jakobho, "Enda
kumba kwasekuru vako
kusvika mukoma wako
akangawa zvawaita."




Isaka akabvuma kuti
Jakobho anotsvaga
mukadzi pakati
pehama dzaamai vake.
Jakobho akaenda.



Kuzoti avamanheru,
Jakobho akamira
kuti arare,
ndokutsamira
musoro wake
padombo. Asi
akanga asiri
ega. Mwari
akataura
naye
kuhope.





"NDINI MWARI WABABA WAKO
ABHURAHAMA naISAKA. NDINEWE.
NDICHAKUPA NYIKA INO. NDUDZI DZOSE
DZENYIKA DZICHAROPAFADZWA NOKUDA
KWAKO." Mwari achinge apedza kutaura,
Jakobho akamuka. Akange achitya.



Sekuru
vaJakobho Rabhani
vakamugamuchira.
Jakobho akanga
achida Rakeri.



Akashandira Rabhani
makore manomwe kuti
akwanise kuroora Rakeri.
Kuzoti avamanheru,
Rabhani akanyengedza
Jakobho.



Jakobho haana kufara akati, "Uyu ndiRea kwete Rakeri. Mandinyengera." Rabhani akati, "Mwanasikana mukuru anofanira kutanga kuroorwa. Chindishandira zvakare makore manomwe kuti ukwanise kuroora Rakeri."



Jakobho akabvuma. Zvichida akarangira nguva yaakanga anyengera Isaka naEsau.



Jakobho akanga aine
vanakomana gumi neumwe
chete. Makore apfura,
Jakobho akafunga
kudzokera nemhuri yake
kuKenani, kwakanga kuriko
kuna vabereki vake.



Asi Esau akanga achida kumuuraya. Jakobho aikwanisa here kuenda ikoko? Rimwe zuva, Mwari akamuudza kuti adzokere. Jakobho, mhuri yake nezvipfuwa zvake vakadzokerea kumusha.



Rwakanga ruri
rwendo refu! Esau
akauya kuzosangana
naJakobho navarume
vana mazana mana.
Asi haana kuuraya
Jakobho.



Esau akamhanyira kundosangana naJakobho, akamumbundikira. Jakobho naEsau vakava shamwari zvakare. Jakobho akanga asvika kumba zvakakanaka.



Jakobho Munyengeri

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 25-33

"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130



Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Amen.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

